



**Carlo DeMaria**

*Mayor*

**Department of Planning & Development**

**484 Broadway Room 25**

**Everett, MA 02149**

**Everett.FTHB@ci.everett.ma.us , Telefòn: 617-394-2452**

### **Deskripsyon Pwogram**

\* Prezantasyon Pwogram Vil Everett Éd pou Akont (Premye Peman) pou Moun k ap Achte kay pou Lapremyè Fwa \*\*

Avèk resepsyon yon alokasyon \$400,000 ki soti nan FY23 American Rescue Plan Act (ARPA), Vil Everett la santi li trè fyè pou l anonse etablisman "Everett First Time Home-Buyers Program" lan. Nou pral itilize Rezèv la nan fason sa yo:

- \$300,000 disponib pou rezidan Vil Everett ki elijib yo.
- \$100,000 disponib pou moun k ap achte kay pou lapremyè fwa ki travay pou Vil Everett epi k ap eseye achte nan Vil Everett la. **(Anplwaye Lekòl Piblik Vil Everett, Depatman Ponpye Everett, Depatman Lapolis Vil Everett, anplwaye Lameri yo)**

Si w se yon moun k ap achte kay pou lapremyè fwa, ou ka kalifye pou jiska \$20,000 pou w achte kay la, sou fòm yon prè sibvansyon. Pandan yon peryòd senk lane, ven pousan nan prè a ap anile chak ane, depi ke w itilize kay la kòm sèl rezidans ou. **Aprè senk lane yo, prè a pral konvèti an yon sibvansyon. Yo pa pral ekzije aplikan an peye anyen sof si kay la vann pandan peryòd senkan lane a.**

**Lajan sa yo ka itilize pou achte yon kondominyòm oswa yon kay pou yon sèl fanmi. Si w ap achte yon kay pou 2-3 fanmi, aplikan an dwe antre nan yon akò avèk Vil la ak Eta a pou lwe tout apatman ki pa okipe pa pwopriyete a ak yon pri ki pi ba ke mache a dapre direktiv EOHLC yo.** Asistans sa ap bay dapre prensip si w vin anvan y ap sèvi w anvan. Pou yo ka konsidere w, ranpli epi soumèt yon aplikasyon, ansanm ak dokiman pou sipòte l ansanm ak prè ke ou elijib ak sityasyon priyorite, jiskaske finansman yo fini.

**Aplikasyon yo disponib nan:** City of Everett, Office of Planning and Development, Room 25 Everett MA 02149 oswa sou entènèt nan [Planning & Development - Everett, MA – Sit Web Ofisyèl \(cityofeverett.com\)](http://cityofeverett.com)

**Akomodasyon pou rezidan ki andikape ak moun ki pa pale Anglè:** Dapre Tit II Americans with Disabilities Act (Lwa 1990 sou Ameriken ki andikape) ak Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon 1974 la, Vil la pral akomode rezonabman moun ki kalifye ki andikape nan tout pwogram ak sèvis yo ki finanse pa MCDBG Grant. Tout pwogram yo pral ofri nan lokal ki aksesib yo (pa egzanp, sila yo ki satisfè egzjans Direktiv Aksesibilite Lwa Ameriken Andikape yo), oswa ki repanse epi modifiye pou yo ka vin aksesib lè enstalasyon san obstak yo pa disponib pou livrezon pwogram yo. Kèlke akomodasyon rezonab pou lòt kalite andikap pral fèt lè moun ki afekte yo fè demann lan. Si Vil la bezwen akomode moun ki pa pale lang Anglè, li pral pran tout etap administratif ki posib pou l bay asistans tradiksyon lè yo fè demann lan.

**Lojman Ekitab Lwa sou Lojman Ekitab** – Gen yon kantite lwa ki te ekri pou sipòte lojman ekkitab, sa a gen ladan men li pa limite sèlman a Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la; Tit VIII – Lwa 1968 sou Lojman Ekitab la, avèk jan li te modifye; epi tou Lwa Reyabilitasyon 1973 (Seksyon 504). Pwogram FTHBDPA pou Vil Everett la sipòte prensip debaz yo nan jistis ak anti-diskriminasyon nan chwa lojman pou tout sitwayen yo. Okenn moun ki kalifye pa dwe jwenn refi benefis pou, li patisipe nan, oswa vin sije diskriminasyon nan nenpòt pwogram oswa aktivite ki finanse sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, idantite sèks, laj, oryantasyon seksyèl, relijyon, andikap, oswa sitiyoasyon famiyal. Vil Everett dwe tou afimativman pwomouvwa Lojman Ekitab epi pran aksyon apwopriye pou simonte efè nenpòt anpèchman ki idantifye, sa a gen ladan men li pa limite a baryè lang, baryè achitekti nan estrikti lojman, lojman pou moun ki gen laj avanse, elatriye. 13-Lojman Ekitab- Ajans Pwoteksyon Anviwònman, Sit wèb Bwochi sou Egalite Opòtinite pou tout Depatman Ameriken sou Lojman ak Devlopman Iben Lojman Ekitab: <http://www.hud.gov/omces/eho> <http://www.hud.gov/complaints/housediscrim.cfm>

**Opòtinite Egal** Se règleman Vil Everett pou reyalize objektif sa yo pi efikasan posib epi san konsiderasyon zafè ras, koulè, kwayans, relijyon, orijin nasyonal, zansèt, sèks, laj, timoun, eta sivil, oryantasyon seksyèl, idantite sèks, andikap, asistans piblik oswa sibvansyon lwaye.

**Konfli enterè** Okenn moun ki se yon anplwaye, ajan, konsiltan, ofisyè, oswa ofisyè eli oswa ofisyèl ki te nonmen nan jiridiksyon patisipan an, benefisyè Eta a, oswa sou-benefisyè k ap resevwa lajan ki enplike dirèkteman nan aplikasyon an epi ki sèvi nan yon pran desizyon oswa ki enplike nan mizannè ak Pwogram lan dwe jwenn yon enterè finansye oswa benefisyè nan Pwogram lan oswa gen yon enterè nan nenpòt kontra, sou-kontra oswa nan akò ki gen rapò ak sa a, oswa lajan ki anba la a, swa pou tèt yo oswa moun ki gen fanmi oswa biznis. Iyen yo, pandan manda yo oswa pou yon ane apre sa.

## **Ekzijans pou kalifikasyon:**

### **Asistans disponib pou:**

- Aplikan ki elijib yo pou revni an fonksyon de kantite moun ki nan fwaye yo (gade limit revni maksimòm HUD ki anba la a ki se pou moun k ap achte kay pou lapremyè fwa (oswa yon moun ki pa te gen okenn enterè pou vin pwopriyete kay nan yon rezidans prensipal pandan 3 dènye lane yo oswa yon menajè ki deplase oswa yon paran selibatè ki te posede yon kay avèk yon ansyen madanm oswa mari pandan ke l te marye).

Elijiblite revni limite a rezidan yo ki fè ant 60% ak 100% AMI (tanpri tcheke Limit Revni Pwogram Lojman anba la).

## **Limit Revni Pwopriyete Enklizif 2023 (Anvigè 6/15/23)**

Dimansyon Fwaye	1	2	3	4	5	6
60 % Limit Revni	\$62,340.00	\$71,280.00	\$80,160.00	\$89,040.00	\$96,180.00	\$103,320.00
80 % Limit Revni	\$82,950.00	\$94,800.00	\$106,650.00	\$118,450.00	\$127,950.00	\$137,450.00
100 % Limit Revni	\$107,600.00	\$122,950.00	\$138,300.00	\$153,650.00	\$165,950.00	\$178,250.00

**Nan kontèks aplikasyon sa a, tèm "fwaye a" refere a yon gwoup moun ki planifye pou yo abite ansanm kòm yon fanmi oswa yon antite solidè nan pwopriyete ke yo gen entansyon achte a. Moun sila yo ke aplikan yo a pataje yon pwopriyete avèk yo aktyèlman, men ki pa pral abite nan pwopriyete yo gen entansyon achte a, tankou kolokatè, pa dwe enkli nan dimansyon fwaye a.**

**Aplikan an pa gen okenn peman pou li fè sof si kay la vann, refinanse oswa pwopriyete a transfere pandan peryòd senkan lane a. Dè ke yo ta vann, transfere oswa refinanse nan objektif pou yo jwenn lajan ekite nan byen imobilye a, nan lespas 5 lane apre yo fin resevwa asistans ki ipoteke kòm garanti pou peman obligasyon sa a, pòsyon pwo-rata nan sibvansyon an pral dwe epi vin peyab.**

## **Sa ki swiv anba la se ekzijans pou aplikan yo anplis de kondisyon limit revni yo:**

- Ou dwe apwouve pou yon prè ipotèk prensipal ak yon to fiks nan men yon kreyansye (pa gen achte lajan kontan).
- Abite nan pwopriyete ki achte a kòm rezidans prensipal ou.
- Kreyansye ipotèk prensipal aplikan an dwe dakò finanse montan DPA a pandan fenmti tranzaksyon an.
- Patisipan yo dwe aplike anvan yo siyen yon akò acha ak vant.
- Tout moun nan kay la dwe genyen yon Nr Sekirite Sosyal ki valab.
- Total byen likid\* pa ka depase\*\* \$75,000\*\*
- \*\*\*Byen likid yo enkli: \*\*\* CD, kont epay, kont chèk, aksyon ak obligasyon, lajan don, don aksyon, lòt fòm envestisman, kont retrèt tankou 401K, 403B, 457 ak kont IRA, Roth IRAs, byen imobilye (enterè antye oswa pasyèl).
- \*\*\*Byen ki pa enkli: \*\*\* plan epay kolèj ki apwouve pa gouvènman an, racha ki finanse pa minisipalite, kominote, oswa akont (premye peman) frè kloti ki finanse oswa pa anplwayè oswa asistans pri koti ki satisfè definisyon Fannie Mae sou yon dezyèm pwogram Kominotè.
- Aplikan an dwe patisipe epi konplete yon atelye konsèy FTHB ki ofri pa yon òganizasyon oswa yon ajans ki sètifye pa HUD.
- Rapò dèt maksimòm total ak rapò revni de 45%.
- Pwopriyete ki sitiye nan yon zòn inondasyon pral oblije gen asirans inondasyon.
- Kay ki te konstwi anvan ane 1978 yo dwe swiv Egzijans Penti a baz Plon HUD a anplis de pase Enspeksyon Nòm Kalite Lojman.
- Aplikan (achtè) pa ka fini tranzaksyon an ak rès lajan ki rete.
- Vil Everett gen dwa pou refize asistans si ipotèk prensipal la gen yon to enterè ki ajistab oswa kèk tèm ak kondisyon espesifik ki kapab kreye yon difikilte finansyèl, oswa nenpòt enfòmasyon aplikan an te sètifye fo.
- Elijiblite pou pwogram lan valab pou sis mwa depi vil la bay yon sètifika. Yon kloti dwe fèt nan lespas sis mwa apati dat ke vil la te bay yon sètifika.